



**Pwogram Pwoteksyon Salè**  
**Fòm Aplikasyon pou Pretè Dezyèm Tiraj**  
**Revize 18 Mas 2021**

Nimewo Kontwòl OMB: 3245-0417  
 Dat Ekspirasyon: 30/9/2021  
 087 - Haiti Creole - Kreyol Ayisyen

<b>Tcheke Youn:</b> <input type="checkbox"/> Yon Sèl Pwopriyetè <input type="checkbox"/> Patenarya <input type="checkbox"/> C-Corp <input type="checkbox"/> S-Corp <input type="checkbox"/> LLC <input type="checkbox"/> Antreprenè endependan <input type="checkbox"/> Endividé ki anplwaye tèt yo <input type="checkbox"/> Organizasyon san bi likratif 501(c)(3) <input type="checkbox"/> òganizasyon 501(c)(6) <input type="checkbox"/> Organizasyon veteran 501(c)(19) <input type="checkbox"/> Lòt ogaznizasyon 501(c) <input type="checkbox"/> Kowoperativ Lojman <input type="checkbox"/> Biznis Tribi <input type="checkbox"/> Lòt _____	<b>DBA oswa Non Komèsyal, (si aplikab)</b>	<b>Ane kreyasyon li (si sa aplikab)</b>	
<b>Non Legal Biznis la</b>		<b>Kòd NAICS</b>	
Adrès Biznis (Ri, Vil, Eta, Kòd Postal - Adrès Bwat Postal Nimewo P.O. yo otorize)		<b>TIN (EIN, SSN, ITIN) Biznis la</b>	<b>Telefòn Biznis</b>
		<b>Premye Kontak</b>	<b>Adrès Imèl</b>

<b>Pewòl mwayen chak mwa:</b>	\$	<b>x 2.5 (oswa x 3.5 pou demandè NAICS 72) egal kantite lajan Prè (pa dwe depase \$2,000,000):</b>	\$	<b>Kantite Anplwaye (ki gen ladan afilye, si sa aplikab; pa gen dwa depase 300 sof si eksepsyon "pou chak kote" aplike):</b>	
<b>Objektif prè a (chwazi tout sa ki aplike):</b>	<input type="checkbox"/> Depans pewòl	<input type="checkbox"/> Lwave/Enterè ipotèk	<input type="checkbox"/> Sèvis Piblik	<input type="checkbox"/> Depans operasyon ki asire	
	<input type="checkbox"/> Depans pou domaj pwopriyete ki asire	<input type="checkbox"/> Depans Founisè ki asire	<input type="checkbox"/> Depans pwoteksyon travayè ki asire	<input type="checkbox"/> Lòt (eslike): _____	
<b>Nimewo Prè SBA nan Premye Tiraj PPP:</b>					

<b>Rediksyon nan resèt anvan taks nan omwen 25% (Demandè pou prè \$150,000 oswa mwens ka kite vid men yo dwe bay nan moman oswa anvan yo chache padon prè oswa sou demann SBA):</b>	<b>Trimès 2020 (egzanp, 2Q 2020):</b>		<b>Trimès Referans (egzanp, 2Q 2019):</b>	
	<b>Resi anvan taks:</b>	\$	<b>Resi anvan taks</b>	\$

**Pwopriyete Demandè a**

Lis tout pwopriyetè 20% oswa plis nan aksyon Demandè a. Tache yon fèy apa si sa nesesè.

<b>Non Pwopriyetè</b>	<b>Tit</b>	<b>% Pwopriyète</b>	<b>TIN (EIN, SSN, ITIN)</b>	<b>Adrès</b>

**PPP Enfòmasyon Demografik Aplikan (Opsyonèl)**

**Kolekte enfòmasyon sou veteran/gason oswa fi/etnisite pou rezon repòtaj pwogram lan sèlman. Piblikasyon fèt si w vle e sa pap gen okenn  
enpak sou desizyon aplikasyon an.**

Non Prensipal la	Pozisyon Prensipal la
	Chwazi Repons Anba a:
Veteran	<input type="checkbox"/> Pa-Veteran; <input type="checkbox"/> Veteran; <input type="checkbox"/> Veteran Andikape; <input type="checkbox"/> Mari oswa Madanm Veteran; <input type="checkbox"/> Pa Divilge
Gason ou Fi	<input type="checkbox"/> Gason; <input type="checkbox"/> Fi; <input type="checkbox"/> Pa Divilge
Ras (ou ka chwazi plis pase 1)	<input type="checkbox"/> Ameriken Endyen oswa Alaska Natif Natal; <input type="checkbox"/> Azyatik; <input type="checkbox"/> Nwa oswa Afriken-Ameriken; <input type="checkbox"/> Natif natal Awayi oswa Pasifik Island; <input type="checkbox"/> Blan; <input type="checkbox"/> Pa Divilge
Etnisite	<input type="checkbox"/> Ispanik oswa Latino; <input type="checkbox"/> Pa Ispanik oswa Latino; <input type="checkbox"/> Pa Divilge



**Pwogram Pwoteksyon Salè**  
**Fòm Aplikasyon pou Pretè Dezyèm Tiraj**  
**Revize 18 Mas 2021**

Si repons pou kesyon (1), (2), (4), oswa (5) se "Wi," prè a pa p apwouwe.

Kesyon	Wi	Non
1. Èske demandè a oswa nenpòt pwopriyetè Demandè a pou kounye a te jwenn sispanyon, entèdiksyon, twouve l sou lis pou entèdiksyon, deklare pa kalifye, te mete deyò nan patisipasyon nan tranzaksyon sa a nan men yon depatman oswa ajans federal, oswa enplike nan yon fayi pou kounye a?		
2. Èske Aplikan an, nenpòt pwopriyetè Aplikan an, oswa nenpòt biznis ki se pwopriyete oswa anba kontwòl youn ladan yo, janm jwenn yon prè dirèk oswa garanti nan men SBA oswa nenpòt lòt ajans federal (ki sepa yon prè etiduan Federal fèt oswa garanti atravè yon pwogram Depatman Edikasyon an ap jere) ki (a) delenkan jounen jodi a, oswa (b) ki pa peye nan 7 dènye ane yo epi te lakòz gouvenman pèdi lajan?		
3. Èske Demandè a oswa nenpòt pwopriyetè Demandè a se pwopriyete yon lòt biznis, oswa gen jesyon komen (ki gen ladan yon akò jesyon) ak nenpòt ki lòt biznis? Si wi, fè lis tout biznis sa yo (san bliye TIN yo si genyen) epi bay detay sou relasyon an sou yon fèy apa yo rele addendum A.		
4. Èske demandè a (si se yon moun) oswa nenpòt moun ki posede 20% oswa plis nan kapital demandè a twouve l pou kounye a nan prizon oswa, pou nenpòt ki krim, twouve l anba yon akizasyon, enfòmasyon kriminèl, konparisyon nan tribinal, oswa lòt mwayen ki pote akizasyon kriminèl fòmèl nan nenpòt jiridiksyon? Mete inisyal ou isit la pou konfime repons ou bay pou kesyon 4 → _____		
5. Nan 5 dènye ane yo, pou nenpòt krim ki enplike fwod, koripsyon, detounman fon, oswa yon fo deklarasyon nan yon aplikasyon pou prè oswa yon aplikasyon pou asistans lajan federal, oswa nan dènye ane a, pou nenpòt ki lòt krim, eske aplikan an (si yon moun ) oswa nenpòt pwopriyetè aplikan 1) te kondane; 2) plede koupab; 3) plede nolo contendere; oswa 4) kòmanse nenpòt fòm libète pwovizwa oswa pwobasyon (ki gen ladan pwobasyon anvan jijman)? Mete inisyal ou isit la pou konfime repons ou bay pou kesyon 5 → _____		
6. Èske Etazini se prensipal rezidans pou tout anplwaye yo mete nan kalkil pewòl Demandè a pi wo a?		
7. Èske Demandè a se yon antrepriz ak franchiz?		
8. Èske franchiz la nan Anyè Franchiz SBA a? Si repons lan se wi, antre Kòd Idantifikasiyon Franchiz SBA isit la: _____		



**Pwogram Pwoteksyon Salè**  
**Fòm Aplikasyon pou Pretè Dezyèm Tiraj**  
**Revize 18 Mas 2021**

**Lè ou siven Anba la, Ou fè Reprezantasyon, Otorizasyon ak Sètifikasyon Annapre yo**

Mwen sètifye:

- Mwen li deklarasyon ki ekri nan fòm sa a, tankou Deklarasyon Lalwa ak Dekrè Egzekitif Egzije yo, epi mwen konprann yo.
- Aplikan an kalifye pou li resevwa yon prè dapre règleman ki anvigè nan moman aplikasyon sa a soumèt, ki te soti nan Administrasyon Ti Biznis (SBA) ak Depatman Trezò a (Trezò) kap aplike Pwogram Pwoteksyon Chèk salè anba Divizyon A, Tit I nan Lwa sou Asistans, Sekou, ak Sekrite Ekonomik pou Kowonaviris la (Lwa CARES) ak Èd Ekonomik pou Ti Biznis ki pran gwo frap, Organizasyon san bi likratif ak Espas Organizasyon Evènman ak Tit V Lwa sou Sekou Ameriken 2021 an (Règleman Pwogram Pwoteksyon Salè a).
- Aplikan an, ansanm ak afilye li yo (si sa aplikab), (1) se yon kontraktè endepandan, endependan endividiyèl, oswa sèl pwopriyetè ki pa gen okenn anplwaye; (2) pa anplwaye plis pase 300 anplwaye; (3) si NAICS 72, pa anplwaye plis pase 300 anplwaye pou chak kote fizik; (4) si yon òganizasyon nouvèl ki majorite posede oswa kontwole pa yon NAICS kòd 511110 oswa 5151 biznis, yon antite san bi likratif difize publik ak yon komès oswa biznis anba NAICS kòd 511110 oswa 5151, oswa yon nouvèl sou entènèt sèlman oswa Piblikatè peryodik asiyen NAICS kòd 519130 epi angaje nan ranmasaj ak distribisyon nouvèl ak enfòmasyon lokal oswa rejyonal ak nasyonal, anplwaye pa plis pase 300 anplwaye pou chak kote; oswa (5) si yon òganizasyon 501(c)(3), yon òganizasyon 501(c)(6) kalifye, lòt òganizasyon 501(c) kalifye, òganizasyon maketing touristik kalifye, pa anplwaye plis pase 300 anplwaye pou chak lokal fizik.
- M ap konfòme m, chak fwa sa aplikab, ak dwa sivil yo ak lòt limit nan fòm sa a.
- Tout benefis prè ap itilize sèlman pou rezon ki gen rapò ak biznis jan sa espesifye nan aplikasyon prè a epi ki konsistan avèk Règleman Pwogram Pwoteksyon Chèk salè a ki gen ladan entèdiksyon pou itilize lajan prè a pou aktivite lòbiying ak depans. Si Aplikan an se yon òganizasyon nouvèl ki te vin kalifye pou yon prè anba Seksyon 317 nan Lwa sou Èd Ekonomik pou ti biznis ki pran gwo-frap, sak san bi likratif, ak Espas Evenman, montan prè a pral itilize pou sipòte depans nan eleman ki konsène biznis la ki pwodui oswa distribye enfòmasyon sitou lokal oswa ijans. Si aplikan an se yon piblikatè nouvèl oswa anons sou entènèt sèlman ki te vin kalifye pou yon prè anba Seksyon 5001 nan Lwa sou Plan Sekou Ameriken 2021 an, montan prè a pral itilize pou sipòte depans nan pati biznis la oswa òganizasyon an ki sipòte nouvèl lokal oswa rejyonal yo.
- Mwen konprann SBA ankouraje acha, nan limit sa posib, ekipman ak pwodwi Ameriken fabrike.
- Aplikan an pa angaje nan okenn aktivite ki ilegal dapre lwa onivo federal, eta oswa lokal.

Pou demandè ki se endividé: Mwen otorize SBA a pou l mande enfòmasyon dosye kriminèl sou mwen nan men ajans jistis penal nan bi pou detèmine kalifikasyon mwen pou pwogram ki otorize anba Lwa sou ti Biznis, jan yo amande li.

Reprezant otorize Aplikan an dwe sètifye ak bòn fwa pou tout sa ki anba a ak yon **inisyal** akote chak:

- Aplikan an tap fonskyone nan dat 15 fevriye 2020, pa te fèmen nèt, epi te swa yon moun kalifye kap travay ak tèt li, antrepriz endependan, oswa antrepriz ak yon sèl pwopriyetè ki pa gen okenn anplwaye, oswa te gen anplwaye li te peye salè ak taks pewòl pou yo oswa li te peye antreprenè endependan, jan yo rapòt sou Fòm 1099-MISC (yo).
- Sitiyasyon ekonomik ensèten jounen jodi a fè demann prè sa a nesesè pou Demandè a ka kontinye fonksyone.
- Aplikan an te reyalize yon bès nan resèt anvan taks ki depase 25% nan sa ki gen pou wè ak peryòd tan konparezon ki enpòtan an. Pou prè ki depase \$150,000, Demandè a te bay dokiman a kreditè a ki pwouve yon bès nan resèt avan taks yo. Pou prè \$150,000 oswa mwens, Demandè a ap bay dokiman ki pwouve yon bès nan resèt avant taks yo nan moman oswa anvan li chèche padon prè pou Prè Pwogram Pwoteksyon chèk salè nan Dezyèm Tiraj la a oswa sou demann SBA.
- Demandè a te resevwa yon Prè Pwogram Pwoteksyon Chèk Salè Premye Tiraj la epi, anvan Prè Pwogram Pwoteksyon Chèk Dezyèm Tiraj la debouse, ap déjà itilize tout montan prè a (san bliye tout ogmantasyon) nan Prè Pwogram Pwoteksyon Chèk Salè Premye Tiraj la sèlman pou depans ki elijib.
- Lajan yo pral itilize pou kenbe travayè epi kenbe pewòl; oswa fè peman pou enterè ipotèk, lwave, sèvis publik, depans operasyon ki kouvri, depans pou domaj pwopriyete ki kouvri, depans pou founisè ki kouvri, ak depans pou pwoteksyon travayè ki garanti yo jan sa espesifye nan Règ Pwogram Pwoteksyon Chèk la; Mwen konprann si fon yo itilize pou rezon san otorizasyon, gouvènman federal la ka kenbe m legalman responsab, tankou pou akizasyon fwod.
- Mwen konprann padon prè pral bay pou total depans pewòl dokimante, peman enterè ipotèk ki kouvri, peman lwave ki kouvri, sèvis publik ki kouvri, depans operasyon ki kouvri, depans domaj pwopriyete ki kouvri, depans founisè ki kouvri, ak depans pwoteksyon travayè ki kouvri, ak pa plis pase 40% nan kantite lajan padonnen pa dwe pou depans ki pa pewòl. Si sa nesesè, Demandè ap bay Kreditè a ak/oswa SBA dokiman pou verifye kantite anplwaye plentan ekivalan sou pewòl Demandè a ansanm ak lajan depans ki kalifye pou peryòd ki kouvri apre prè sa a.
- Demandè a pa gen epi p ap resevwa yon lòt Prè Pwogram Pwoteksyon Chèk Prè nan DEzyèm Tiraj.



**Pwogram Pwoteksyon Salè**  
**Fòm Aplikasyon pou Pretè Dezyèm Tiraj**  
**Revize 18 Mas 2021**

Applikan an pa te apwouve pou yon sibvansyon Operatè Sal Evènman ki Fèmen (SVO) nan SBA apati dat aplikasyon prè sa a, epi applikan an rekonèt si applikan an apwouve pou yon sibvansyon SVO anvan SBA bay yon nimewo prè pou prè sa a, applikan an pa kalifye pou prè a epi akseptasyon nenpòt montan prè pral konsidere kòm yon itilizasyon san otorizasyon.

Prezidan, Vis Prezidan, tèt depatman egzekitif la, oswa yon manm nan Kongrè, oswa mari oswa madanm moun sa jan yo detèmine anba lwa komen aplikab, pa dirèkteman oswa endirèkteman kenbe yon patisipasyon majorité Demandè a, kote kondisyon sa yo genyen siyifikasyon yo bay nan Seksyon 322 Lwa sou Bizinis ki Pran Gwo frap, Antrepriz ki pap fè pwofi, ak Espas Evenman.

Demandè a se pa yon konpayi emetè, kote tit li yo sou yon echanj ki anrejistre kòm yon echanj tit nasyonal anba seksyon 6 nan Lwa 1934 sou Echanj Valè (15 J.S.C. 78f).

Demandè a se pa yon antrepriz oswa antite komèsyal (a) pou ki yo antite ki te kreye nan oswa òganize anba lwa nan Republik Popilè Lachin oswa Rejyon Administratif Espesyal Hong Kong, oswa ki gen operasyon enpòtan nan Republik Popilè Lachin oswa Rejyon Administratif Espesyal Hong Kong, posede oswa kenbe, dirèkteman oswa endirèkteman, pa mwens pase 20 poustan nan enterè ekonomik la nan antrepriz oswa antite komèsyal la, ki gen ladan kòm aksyon patisipatif oswa yon kapital oswa enterè sou pwofi nan yon konpayi ak responsablite limite oswa patenarya; oswa (b) ki konsève, kòm yon manm nan Konsèy administrasyon antrepriz komèsyal la, yon moun ki se yon rezidan nan Republik Popilè Lachin.

Applikan an pa oblige soumèt yon deklarasyon enskripsyon anba seksyon 2 nan Lwa 1938 sou Enskripsiyon Ajan etranje (22 U.S.C. 612).

Demandè a se pa yon antrepriz oswa antite komèsyal ki sitou angaje nan aktivite politik oswa lòbi, ki gen ladan nenpòt antite ki òganize pou rechêch oswa pou angaje nan militans nan sektè tankou politik publik oswa estrateji politik oubyen ankò ki dekri tèt li kòm yon gwoup refleksyon nan nenpòt ki dokiman publik.

Mwen sètifye tou enfòmasyon mwen bay nan aplikasyon an ak enfòmasyon yo bay nan tout dokiman sipò ak fòm yo vre epi kòrèk pou tout sa ki enpòtan yo. Li klè pou mwen si mwen fè yon fo deklarasyon ak tout konsyans mwen pou m jwenn padon nan yon prè SBA-garanti lalwa, ansann ak 18 U.S.C. 1001 ak 3571, ki pini zak sa ak anprizonman ki pa plis pase senk lane ak/ oswa yon amann ki rive jiska \$250,000; anba 15 U.S.C. 645 ak anprizònman pa plis pase de zan ak/oswa yon amann ki pa plis pase \$5,000; epi, si yo soumèt li bay yon enstitisyon ki gen asirans federal, anba 18 U.S.C. 1014 ak anprizonman pa plis pase trant lane ak/oswa yon amann ki pa plis pase \$1,000,000.

Mwen rekonèt Kreditè a pral konfime kantite lajan prè ki kalifye a lè l sèvi avèk dokiman obligatwa li soumèt yo. Li klè pou mwen, mwen rekonèt epi mwen dakò pou Kreditè a pataje enfòmasyon taks mwen yo ak reprezantan otorize SBA yo, tankou reprezantan otorize Biwo Enspektè Jeneral SBA, pou yo ka garanti konfòmite ak egzijans PPP yo ak tout revizyon SBA yo.

---

Siyati Reprezantan Otorize Demandè a

---

Dat

---

Non ak lèt detache

---

Tit



**Pwogram Pwoteksyon Salè**  
**Fòm Aplikasyon pou Pretè Dezyèm Tiraj**  
**Revize 18 Mas 2021**

**Objektif fòm sa a:**

Fòm sa a dwe ranpli pa reprezantan otorize nan aplikan an epi **soumèt bay kreditè Patisipan SBA ou a**. Soumèt enfòmasyon yo mande yo oblige pran yon detèminasyon konsènan kalifikasyon pou asistans finansye. Si ou pa soumèt enfòmasyon yo, sa pral afekte detèminasyon sa a.

Yon Aplikan ki depoze yon Fòm IRS 1040, Orè C, epi ki chwazi kalkile kantite lajan prè PPP a lè l sèvi avèk pwofî nèt dwe itilize fòm sa a. *Yon Aplikan ki depoze yon Fòm IRS 1040, Schedule C, epi ki chwazi pou kalkile montan prè PPP lè li sèvi avèk revni brit pa ka itilize fòm sa a, epi olye li dwe itilize SBA Fòm 2483-SD-C.* Yon Aplikan ki depoze yon Fòm IRS 1040, Orè F, epi kalkile kantite lajan prè PPP avèk revni brit dwe itilize tou fòm sa a.

**Sa pou fè pou ranpli fòm sa a:**

Nan sa ki gen pou wè ak "objektif prè a," depans pewòl gen ladan yo konpansasyon pou anplwaye (ak prensipal adrès rezidans yo se Etazini) sou fòm salè, komisyón, oswa konpansasyon menm jan; tep kach oswa ekivalan (sou baz dosye anplwayè nan tep lontan oswa, si dosye sa yo ta va absan, yon estimasyon rezonab ak bòn fwa tep sa yo patwon an fè): peman pou vakans, konje pou paran, fanmi, medikal, oswa konje maladi (esekte kantite lajan konje sa yo ki peye e ki gen yon kredi otorize Seksyon FFCRA 7001 ak 7003); alokasyon pou separasyon oswa ranvwa; peman pou dispozisyon avantaj anplwaye yo (tankou prim asirans) ki gen ladan pwoteksyon swen sante gwoup, asirans vi gwoup, asirans pou andikap, vizyon, oswa dan, ansanm ak avantaj sosyal retrèt; peman taks eta ak lokal yo evalye sou konpansasyon anplwaye; epi, pou yon antreprenè endependan oswa antrepriz ak yon sèl pwopriyetè, salè, komisyón, revni, oswa salè apre taks nan travay endependan oswa konpansasyon menm jan.

Pou yo kalkile "Pewòl mwayen chak mwa." pifò Aplikan yo ap sèvi ak mwayèn pewòl chak mwa pou 2019 oswa 2020, eksepte depans plis pase \$100,000 sou yon baz chak ane, jan yo kalkile oprorata pou peryòd yo peye yo oswa obligasyon pou peye yo angaje, pou chak anplwaye. Pou biznis sezonye yo, Aplikan ka chwazi pou li itilize pito mwayèn total pewòl mwayen chak mwa pou nenpòt peryòd douz semèns chwazi pa Aplikan an chwazi ant 15 fevriye 2019 ak 15 fevriye 2020, eksepte depans plis pase \$100,000 sou yon baz chak ane, jan sa kalkile oprorata pou peryòd yo peye yo oswa obligasyon pou yo angaje, pou chak anplwaye. Pou nouvo biznis san 12 mwa nan depans pewòl men ki t ap opere nan dat 15 fevriye 2020, mwayèn pewòl chak mwa ka kalkile ki base sou kantite mwa nan ki depans pewòl yo te fèt, eksepte depans plis pase \$100,000 sou yon baz chak ane pou chak anplwaye, jan yo kalkile oprorrata pou peryòd peman yo te fèt oswa obligasyon pou fè peman yo fèt, pou chak anplwaye. Pou kiltivatè ak elvè ki fonksyone kòm yon antrepriz ak yon sèl pwopriyetè oswa kòm yon antrepriz endependan, oswa ki se endividé kap travay ak tèt yo ki kalifye epi ki rapòte revni oswa depans agrikòl sou yon Schedule F (oswa nenpòt ki fòm IRS ranplasman ekivalan), depans pewòl yo kalkile apati depans pewòl ki kalifye pou anplwaye yo, si genyen, plis pi piti \$100,000 ak diferans ki genyen ant revni anvan taks ak nenpòt depans pewòl ki kalifye pou anplwaye, jan yo rapòte nan yon Schedule F. Pou Aplikan ki ranpli Fòm IRS 1040, Schedule C, epi chwazi kalkile kantite lajan prè PPP avèk pwofî nèt, depans pewòl yo kalkile avèk liy 31 kantite lajan pwofî nèt, limite a \$100,000, plis nenpòt depans pewòl ki kalifye pou anplwaye yo (kalkile kantite lajan prè avèk revni brit, gade Fòm SBA 2483-SD-C). Pou Aplikan ki se patenarya, depans pewòl yo kalkile ak resèt apre taks ki soti nan patnè jeneral endividé kap travay ak tèt yo, jan yo rapòte nan Fòm IRS 1065 K.-1, mwens dediksyon depans seksyon 179 yo mande a, depans patenarya ki pa ranbouse yo mande yo ak rediksyon yo mande sou pwopriete petwòl ak gaz, miltipliye pa 0.9235, ki se pa plis pase \$100,000, plis nenpòt depans pewòl ki kalifye pou anplwaye.

Pou depozan Skedil F, si aplikan an se yon antrepriz asosye kalifye pou rezni taks sou revni federal ((1) sèl manm nan antrepriz asosye a se yon koup marye ki ranpli yon deklarasyon enpo ansanm epi chak depoze Skedil F, (2) tou de mari oswa madanm bay patisipasyon materyèl yo nan komès la oswa biznis la, epi (3) tou de mari oswa madanm chwazi pou yo pa konsidere yo kòm yon patenarya), sèl mari oswa madanm ka soumèt fòm sa onon antrepriz asosye kalifye a. Pou w ka kalkile kantite lajan prè a lè w sèvi avèk revni brit (Depozan Skedil F sèlman), sèvi ak sòm total revni brit (Skedil F, liy 9) mari ak madanm lan ansanm. Nan detèmine si aplikan an te fè eksperiyans omwen yon rediksyon 25% nan resi brit, pou prè ki depase \$ 150,000, aplikan an dwe idantifye trimès 2020 la ki satisfè egzijans sa a, idantifye trimès referans lan, epi deklare kantite resi brit yo pou tou de trimès yo, osi byen ke bay dokiman sipò. Pou prè \$150,000 ak pi ba, chan sa yo pa obligatwa epi Demandè a sèlman dwe sètifye Demandè a te satisfè 25% rediksyon resèt anvan taks yo nan moman aplikasyon an; sepandan, nan moman oswa anvan chache padon prè (oswa sou demann SBA) Demandè a dwe bay dokiman ki montre trimès 2020 an satisfè kondisyon sa a, idantifye trimès referans la, deklare montan resèt anvan taks yo pou tou de trimès yo, epi sipòte kantite lajan yo bay yo. Pou tout prè, trimès referans ki awpôpriye a depann sou depi konbyen tan Demandè a ap fonksyone:

- Pou tout antite ki pa satisfè kondisyon ki tabli anba a, Aplikan dwe demonstre resèt anvan taks yo nan nenpòt trimès 2020 te omwen 25% pi ba pase menm trimès 2019 la. Menm jan, Aplikan ka konpare resèt anvan taks nan lane 2020 ak resèt avant taks pou lane 2019; Aplikan ki chwazi sèvi ak resèt anvan taks dwe antre "Chak Ane" nan trimès 2020 an ak chan Trimès Referans lan, epi, jan dokiman yo mande yo, yo dwe soumèt kopi fòm taks chak ane ki pwouve bès resèt anvan taks chak ane a.
- Pou antite ki pa nan biznis pandan premye ak dezyèm trimès 2019 yo, men ki fonksyone pandan twazyèm ak katriyèm trimès 2019 yo, Aplikan dwe demonstre resèt anvan taks nan nenpòt trimès 2020 yo te omwen 25% pi ba pase twazyèm oswa katriyèm trimès 2019 yo.
- Pou antite ki pa nan biznis pandan premye, dezyèm, ak twazyèm trimès 2019 yo fonksyone pandan katriyèm trimès 2019 la, Aplikan yo dwe demonstre resèt anvan taks yo nan nenpòt trimès nan 2020 yo te omwen 25% pi ba pase katriyèm trimès 2019 lan.
- Pou antite ki pa te nan biznis pandan ane 2019 la men te fonksyone nan dat 15 fevriye 2020, Aplikan dwe demonstre resèt anvan taks yo nan dezyèm, twazyèm, oswa katriyèm trimès 2020 yo te omwen 25% pi ba pase premye trimès 2020 an.

Resèt anvan taks gen ladan tout revni nan kèleswa fòm ou resevwa oswa akimile (annakò ak metòd kontablite Aplikan an) soti nan kèleswa sous la, ki gen ladann lavant pwodwi oswa sèvis, enterè, dividand, pri lwaye, red Evans, frè, oswa komisyón, mwens retou ak alokasyon. An jeneral, resèt yo konsidere kòm "revni total" (oswa nan ka "resèt anvan"yon antrepriz ak yon sèl pwopriyetè) plis "pri machandiz yo vann" epi pa gen ladann pwofî oswa pèt kapital paske kondisyon sa yo defini epi rapòte sou fòm deklarasyon taks IRS yo. Resèt anvan taks pa ranre nan tax yo pran annapre yo epi yo peye bay yon otorite fiskal si l rantre nan revni anvan taks oswa total, tankou lavant oswa lòt taks kolekte nan men kliyan eksepte taks prelve sou antrepriz la oswa anplwaye li yo; pwofî ki soti nan tranzaksyon ant yon antrepriz ak afilye domestik oswa etranje li yo; ak kantite lajan kolekte pou yon lòt pa yon ajan vwayaj, ajan imobilye, ajan pilbisite, founisè sèvis jesyon konferans, transpò machandiz oswa koutye ladwann. Tout lòt bagay yo, tankou depans antrepriz sou kontrakte, ranbousman pou acha yon antrepriz sou kontra fè sou demann yon kliyan, revni envestisman, ak depans pou anplwaye ankou taks pewòl pa dwe soti nan resèt anvan taks yo. Resèt anvan taks yon pretè dwe adisyone ak resèt anvan taks afilye li yo. Pou yon òganizasyon san bi likratif, òganizasyon veteran, òganizasyon nouvèl san bi likratif, òganizasyon destinasyon maketing, resi brit gen siyifikasyon an nan seksyon 6033 nan Kòd Revni Entèn 1986 la.



**Pwogram Pwoteksyon Salè**  
**Fòm Aplikasyon pou Pretè Dezyèm Tiraj**  
**Revize 18 Mas 2021**

Pou yo ka rapòte Kantite Anplwaye, antrepriz ak yon sèl pwopriyetè, moun kap travay ak tèt yo, ak antreprenè endepandan ta dwe mete tèt yo kòm anplwaye (sétadi, kantite minimòm nan kare Kantite Anplwaye se youn). Pou NAICS 72, òganizasyon nouvèl elijib, òganizasyon 501(c)(3), òganizasyon 501(c)(6) elijib, lòt òganizasyon 501(c) kalifye, òganizasyon destinasyon touristik kalifye, oswa publikatè nouvèl oswa anons sou Entènèt sèlman ki asiyen NAICS kòd 519130, aplikan pa dwe depase 300 anplwaye pou chak lokal fizik. Aplikan yo ka itilize mwayèn travay yo sou peryòd tan yo itilize pou kalkile depans total pewòl yo pou detèmine kantite anplwaye yo. Alténativman, aplikan yo ka chwazi pou itilize kantite mwayèn anplwaye pou chak peryòd peman nan 12 mwa kalandriye yo ranpli anvan dat aplikasyon prè a.

Pou yo ka rapòte Ane Kreyasyon an, moun kap travay ak tèt yo ak antreprenè endepandan ka antre "NA".

Pou yo ka rapòte Kòd NAICS, demandè yo dwe matche kòd aktivite biznis lan ki twouve l sou deklarasyon taks sou revni IRS yo, si sa aplikab. Pou rezon kalkil depans pewòl maksimòm yon Demandè, yon Demandè ka miltipliye depans pewòl mwayen li yo hak mwa pa 3.5 sèlman si Demandè a nan sektè akomodasyon ak sèvis manje e li te rapòte yon kòd NAICS ki kòmanse ak 72 kòm kòd aktivite biznis li yo sou dènye taks sou revni IRS li a.

Tout moun ki nan lis anba yo, konsidere kòm pwopriyetè Aplikan:

- Pou yon antrepriz ak yon sèl pwopriyetè, sèl pwopriyetè a;
- Pou yon patenarya, tout patnè jeneral, ak tout patnè limite ki posede 20% oswa plis nan kapital konpayi an;
- Pou yon sosyete, tout pwopriyetè 20% oswa plis nan sosyete a;
- Pou konpayi ak responsablite limite, tout manm ki posede 20% oswa plis nan konpayi an; ak
- Tout fidisyen (si Aplikan a se pou yon fidisi).

Pou rezon rapò (pa obligatwa) enfòmasyon demografik:

1. **Objektif.** Kolekte enfòmasyon sou veteran/gason oswa fi/etnisite pou rezon repòtaj pwogram lan sèlman.
2. **Deskripsyon.** Fòm sa mande enfòmasyon sou chak Prensipal Pretè a. Ajoute lòt fèy si gen bezwen.
3. **Definisyon Prensipal.** Tèm "Prensipal" la vle di:
  - Pou yon moun kap travay ak tèt li, antreprenè endepandan, oswa yon pwopriyetè inik, moun kap travay ak tèt li a, antreprenè endepandan oswa pwopriyetè inik lan.
  - Pou yon patenarya, tout asosye jeneral yo ak tout asosye limite yo ki posede 20% nan aksyon Aplikan, oswa nenpòt asosye ki konsènen nan jesyon biznis Pretè a.
  - Pou yon kòporasyon, tout pwopriyetè 20% oswa plis nan Aplikan, epi chak responsab ak direktè.
  - Pou yon konpayi ak responsablite limite, tout manm ki posede 20% oswa plis nan Aplikan, epi chak responsab ak direktè.
  - Tout moun Aplikan anplwaye pou jere aktivite toulejou Aplikan ("anplwaye kle").
  - Tout fidisyen (si Aplikan an se pou yon fidisi).
  - Pou yon òganizasyon ki pap fe lajan, responsab ak direktè Pretè a.
4. **Non Prensipal la.** Ajoute tout non Prensipal la.
5. **Pozisyon Prensipal la.** Idantife pozisyon Prensipal la; paregzanp, moun kap travay ak tèt li; entreprenè endepandan; pwopriyetè inik; asosye jeneral; pwopriyetè; responsab; direktè; manm; oswa anplwaye kle.

**Lwa sou Rediksyon Travay Administrasyon** – Ou pa blije reponn ak ansanm enfòmasyon sa yo sòfsi yo genyen yon Nimewo Kontwol OMB valid pou kounye a. Tan yo evalye pou ranpli aplikasyon an, ak ladann kolekte enfòmasyon nesesè, se 8 minit. Kòmantè sou tan sa a oswa enfòmasyon yo mande yo ta dwe voye bay: Small Business Administration, Director, Records Management Division, 409 3rd St., SW, Washington DC 20416, ansanm ak/oswa SBA Desk Officer, Office of Management and Budget, New Executive Office Building, Washington DC 20503. **TANPRI PA VOYE FOM NAN ADRÈS SA YO.**

**Lwa Sou Pwoteksyon Vi Prive (5 U.S.C. 552a)** – Dapre dispozisyon ki nan Lwa sou Vi Prive a, ou pa oblige bay nimewo sekirite sosyal ou. Si ou pa bay nimewo sekirite sosyal ou an, sa pa ka afekte okenn dwa, avantaj oswa privilège ou gen dwa ak yo. (Men gade Avi sou Rekouvreman Dèt konsènan nimewo idantifikasiyon kontribyab ki anba a.) Divilgasyon non ak lòt idantifikasiyon pèsònèl yo obligatwa pou sa bay SBA ase enfòmasyon pou fè yon detèminasyon karaktè. Lè l ap evalye karaktè, SBA konsidere entegrite moun nan, senserite li, ak dispozisyon li genyen pou aksyon kriminèl. Anplis de sa, SBA gen yon otorizasyon espesyal pou l verifye istwa kriminèl ou, oswa si w pa genyen, dapre seksyon 7 (a)(1)(B), 15 U.S.C. 636(a)(1)(B) nan Lwa sou Ti Biznis la.

**Divilgasyon enfòmasyon** – Demand pou enfòmasyon sou yon lòt pati yo ka refize sof si SBA gen pèmisyón alekri moun nan pou divilge enfòmasyon yo bay moun kap fè demand lan oswa sof si enfòmasyon yo ka divilge dapre Lwa sou Libète Enfòmasyon. Lwa sou Konfidansyalite otorize SBA fè seten "utilizasyon woutin" ak enfòmasyon Lwa sa a pwoteje. Youn nan utilizasyon woutin sa yo se divilgasyon enfòmasyon ki konsève nan sistèm dosye SBA' lè enfòmasyon sa yo endike yon vyolasyon oswa posib vyolasyon lalwa, kit li sivil, kriminèl, oswa administratif. Byen espesyal, SBA ka refere enfòmasyon yo bay ajans apwopriye a, kit se Federal, Eta, lokal oswa etranje, ki responsab pou, oswa otreman patisipe nan envestigasyon, pousswit jidisyè, ranfòsman oswa prevansyon vyolasyon sa yo. Yon lòt utilizasyon woutin se divilgasyon bay lòt ajans Federal ki fè tyèk sou pase moun men sèlman nan limit enfòmasyon yo enpòtan poufonksyon ajans kap mande yo a. Gade, 74 F.R. 14890 (2009) epi jan li amande de tan zan tan pou plis tyèk itwa pase moun ak lòt woutin. Mete sou sa, Lwa CARES la egzije pou SBA enskri chak prè ki fèt nan Pwogram Pwoteksyon Chèk Salè a avèk Nimewo Idantifikasiyon Kontribyab la (TIN) ki asiyen bay pretè lajan.



**Pwogram Pwoteksyon Salè**  
**Fòm Aplikasyon pou Pretè Dezyèm Tiraj**  
**Revize 18 Mas 2021**

**Lwa 1982 sou Rekouvreman Dèt, Lwa 1984 sou Rediksyon Defisi (31 U.S.C. 3701 et seq. ak lòt tit)** – SBA dwe jwenn nimewo idantifikasiyon kontribyab ou lè ou aplike pou yon prè. Si ou resevwa yon prè, epi ou pa peye lè dat la rive, SBA kapab: (1) rapòt estati prè ou (yo) bay biwo kredi yo, (2) anboche yon ajans rekouvreman pou kolekte prè ou a, (3) konpanse ranbousman taks sou revni ou oswa lòt kantite lajan Gouvènman Federal la dwe ou, (4) sispann oswa anpeche ou oswa konpayi ou nan fè biznis ak Gouvènman Federal la, (5) refere prè ou bay Depatman Jistis, oswa (6) pran lòt aksyon yo otorize nan enstriman prè yo.

**Lwa 1978 sou Dwa pou Pwoteksyon Enfomasyon Finansye (12 U.S.C. 3401)** – Lwa 1978 sou Dwa pou Konfidansyalite Finansye, akòde dwa aksè SBA nan dosye finansye ki kenbe nan enstisyon finansye kap fè oswa ki te fè biznis avèk ou oswa biznis ou, san bliye nenpòt enstisyon finansye k ap patisipe nan yon prè oswa prè garanti. SBA sèlman oblige remèt yon sètifica konfòmite li ak Lwa a bay yon enstisyon finansye anrapò avèk premye demann li an pou aksè nan dosye finansye ou. Dwa aksè SBA kontinye pandan dire nenpòt akò garanti prè ki apwouve. SBA otorize tou transfere nan yon lòt otorite Gouvènman nenpòt dosye finansye konsènan yon prè apwouve oswa garanti prè, jan sa nesesè nan pwosesis, sèvis oswa sezi sou yon garanti prè oswa kolekte sou yon garanti prè remet.

**Lwa sou Libète Enfomasyon (5 U.S.C. 552)** – Lwa sa prevwa, ak kèk eksepsyon, pou SBA bay enfomasyon ki reflete nan dosye ak dokiman ajans lan bay yon moun ki mande li. Enfomasyon sou prè apwouve ki jeneralman pibliye gen ladan, pami lòt bagay, estatistik sou pwogram prè nou yo (pretè endividyle yo pa idantifye nan estatistik yo) ak lòt enfomasyon tankou non prete yo, kantite lajan prè a, ak kalite prè an. Done propriyetè sou yon pretè lajan pa ta dwe disponib sistematikman pou lòt moun. Tout demand kap antrave Lwa sa a fèt pou adrese nan biwo SBA ki pi pre a epi yo fèt pou idantifye kòm yon demann Libète Enfomasyon.

**Lwa sou Sante ak Sekirite nan Travay (15 U.S.C. 651 et seq.)** – Administrasyon Sante ak Sekirite nan Travay (OSHA) kapab mande pou biznis modifye enstalasyon ak pwosedi yo pou pwoteje anplwaye. Biznis ki pa konfòme yo ka gen pou peye amann epi oblige diminye danje yo nan espas travay yo. Yo ka resevwa lòd tou pou yo sispann operasyon ki poze yon danje lamè iminan oswa blesi grav jiskaske anplwaye yo ka pwoteje. Lè li siyen fòm sa a, aplik an sètifye, dapre tou sa l konnen, li konfòme l avèk kondisyon OSHA mande yo, epi li ap toujou konfòme li pandan lavi diran prè a.

**Dwa sivil (13 C.F.R. 112, 113, 117)** – Tout biznis kap resevwa asistans finansye SBA dwe dakò pou yo pa fè diskriminasyon nan okenn pratik biznis, tankou pratik travay ak sèvis pou publik la sou baz kategori ki site nan 13 C.F.R., Pati 112, 113 ak 117 Règ SBA yo. Tout pretè yo dwe montre "Afich Opòtinite Travay Egal" SBA preskri a.

**Lwa sou Opòtinite Kredi Egal (15 U.S.C. 1691)** – Li entèdi pou Kreditè fè diskriminasyon kont aplik an kredi sou baz ras, koulè, reliyion, orijin nasyonal, sèks, eta sivil oswa laj (depi aplik an gen kapasite pou siyen yon kontra obligatwa); paske tout oswa yon pati nan revni aplik an sòti nan nenpòt pwogram asistans publik; oswa paske demandè a ak bòn fwa li te egzèse nenpòt dwa dapre Lwa sou Pwoteksyon Kredi Konsomatè a.

**Dekrè Egzekitif sou Esklizyon ak Sispansyon 12549 (2 C.F.R. Pati 180 ak Pati 2700)** – Lè ou soumèt aplikasyon prè sa a, ou sètifye ni aplik an, ni okenn pwopriyetè aplik an te, nan twa dènye ane ki sot pase yo: (a) te jwenn entèdiksyon, sispansyon, deklarasyon inejiblite oswa esklizyon volontè nan men yon ajans federal pou patisipasyon nan yon tranzaksyon; (b) fòmèlman pwopoze pou entèdiksyon, ak yon detèminasyon final toujou annatant; (c) te akize, kondane, oswa te fè gen jijman sivil kont ou pou nenpòt nan ofans yo ki nan lis nan règleman yo oswa (d) te delenkan sou nenpòt kantite lajan li dwe. Gouvènman ameriken oswa ajans li yo nan dat siyati sètifikasyon sa a.